



Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah  
Republik Indonesia  
2024

# BANJIR LENDHUT

## Banjir Lumpur

Penulis: **Gayatri Jaya Wardani**

Illustrator: **Septama**







Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah  
Republik Indonesia  
2024

# BANJIR LENDHUT

## Banjir Lumpur

Penulis: **Gayatri Jaya Wardani**

**Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia**  
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**BANJIR LENDHUT  
(BANJIR LUMPUR)**

Penulis : Gayatri Jaya Wardani  
Ilustrator : Septama  
Penerjemah : Rita Nuryanti  
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Galang Prastowo  
2. Bahasa Indonesia : Tarti Khusnul Khotimah  
Penata letak : Septama

Tim Pelaksana : 1. Wuri Rohayati  
2. Wuroidatil Hamro  
3. Nindwihapsari  
4. M. Haris Ardhani  
5. Rino Edrianto

**Penerbit**

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh  
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta  
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024  
ISBN 978-623-504-675-4

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Segoe UI.  
ii, 26 hlm., 21 x 29,7 cm.



## Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.

Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi



Aku manggon karo Bapak lan Ibu ing ledhokan pinggir Kali Codé. Kali Codé iku kali kang ana ing tengah-tengahé Kutha Ngayogyakarta. Banyu Kali Codé mili saka Kali Boyong. Sumber banyuné Kali Boyong saka Gunung Merapi.

Saben mangsa rendheng, wong-wong padha sumelang amarga wedi banjir. Banjiré nggawa lendhut saka Gunung Merapi. Banjir kuwi uga bisa diarani banjir lahar dhingin Merapi. Kuwi kedadéan yèn udan deres ing pucuké Merapi nganti telung jam.

Nalika njeblug, Gunung Merapi ngetokaké lahar panas. Yèn wis adhem, lahar kuwi bisa dadi watu, wedhi, lan krikil. Yèn kodanan kabèh kuwi kecampur lemah banjur dadi lendhut mili liwat kali. Kadhang kala, banjir lendhut uga nggawa wit-witan kang ambruk.

Aku tinggal bersama Bapak dan Ibu di bantaran Kali Code. Kali Code berada di tengah-tengah Kota Yogyakarta. Air Kali Code mengalir dari Kali Boyong. Sumber air Kali Boyong berasal dari Gunung Merapi.

Setiap musim hujan, orang-orang cemas jika ada banjir. Banjir membawa lumpur dari Gunung Merapi. Banjir tersebut juga dinamakan banjir lahar dingin Merapi. Hal itu terjadi jika hujan deras di puncak Merapi sampai tiga jam lamanya.

Saat meletus, Gunung Merapi mengeluarkan lahar panas. Jika sudah dingin, lahar tersebut akan menjadi batu, pasir, dan kerikil. Jika kehujanan, semua itu tercampur tanah kemudian menjadi lumpur yang mengalir lewat sungai. Kadang kala banjir lumpur juga menyeret pepohonan yang tumbang.





Dina iki, nalika aku mulih sekolah, Ibu ana ing latar. Ibu lagi ngendikan karo Bu Prapto, tanggaku ngarep omah.

“Kayané mèh udan gedhé iki,” ngendikané Ibu karo ngentasi péméyan.

“Kok mendhungé saka lor?” wangsulané Bu Prapto karo mirsani langit sisih lor.

Bu Prapto ngentas tampah kang dienggo mépé intip.

“Wah, Gilang mulih nganti soré?” Bu Prapto ndangu.

“Injih, Bu. Wonten pramuka,” wangsulanku.

“Yèn Jemuah pancèn tekan sore, Bu,” Ibu nambahi.

Pak Prapto kondur saka kantor, banjur nglebokaké sepédha montoré ing njero omah. Sawusé kuwi, Pak Prapto ngedhunaké kurungan manuk kang dicanthèlaké ing ngarep omah. Pak Prapto kagungan manuk kutut loro. Wernané lorèk-lorèk klawu.

Hari ini ketika aku pulang sekolah, Ibu berada di halaman. Ibu sedang berbincang dengan Bu Prapto, tetangga depan rumah.

“Sepertinya akan turun hujan deras,” kata Ibu sembari mengangkat jemuran.

“Kok mendungnya dari arah utara?” jawab Bu Prapto sambil memandang langit sebelah utara.

Bu Prapto mengangkat tampah yang dipakai untuk menjemur intip.

“Wah, Gilang pulang sore?” tanya Bu Prapto.

“Iya, Bu. Ada latihan Pramuka,” jawabku.

“Hari Jumat memang sampai sore, Bu,” Ibu menimpali.

Pak Prapto pulang dari kantor, lalu memasukkan motor ke dalam rumah. Setelah itu, Pak Prapto menurunkan sangkar burung yang dicantolkan di depan rumah. Pak Prapto memiliki dua burung perkutut. Warnanya lorek-lorek kelabu.

Ora suwé bubar kuwi, ana udan gedhé banget, tempias tekan njero omah. Teras omahku trocoh. Aku gagé-gagé njupuk baskom kanggo nadhahi banyu. Bapak lan Ibu ngepèl jubin.

“Ngéné iki bisa banjir, ta, Pak?” ngendikané Ibu.

“Yèn lor udan deres, kéné bisa banjir. Nanging, mau ésuk dakwaca ing grup, sisih lor ora udan. Mung kéné thok,” wangsulané Bapak.

Sisih lor iku arah Gunung Merapi. Pirang-pirang dina iki langit sisih lor mendhung peteng. Mula, Bapak sregep maca warta saka grup tanggap banjir. Ing kono ana katrangan saka para rélawan ing posko pengamatan Kali Boyong.

Tidak lama kemudian hujan deras sekali, tempias sampai ke dalam rumah. Teras rumahku bocor. Aku segera mengambil baskom untuk menampung air. Bapak dan Ibu mengepel lantai.

“Seperti ini bisa banjir, ya, Pak?” kata Ibu.

“Jika utara hujan deras, di sini bisa banjir. Namun, tadi saya baca di grup, sebelah utara tidak hujan. Hanya di sini saja,” jawab Bapak.

Sebelah utara itu arah Gunung Merapi. Beberapa hari ini langit sebelah utara mendung gelap. Oleh karena itu, Bapak rajin membaca berita dari grup tanggap banjir. Di situ ada penjelasan dari para relawan di posko pengamatan Kali Boyong.





Soré-soré Bapak lan Pak Prapto ameng-ameng ing téras omahku.

“Wis rong dina iki manuk-manukku pating klabak,” ngendikané Pak Prapto.

“Apa iya, Pak?”

“Iya, kaya ora jenak. Apa arep banjir, ya?”

“Sanadyan durung banjir, awaké dhéwé tetep kudu siyaga,” wangsulané Bapak.

“Bener, Pak RT,” ngendikané Pak Prapto.

“Mula, sésuk arep dakrembug ing rapat kampung carané siyaga bencana.”

“Apa waé kang kudu dicepakaké?” Pak Prapto ndangu Bapak.

“Ngepaki barang-barang, nyepakaké tas darurat, lan cepet-cepet ngungsi yèn prelu.”

“Mesthiné ngungsi menyang panggonan sing luwih dhuwur, ya.”

“Bener, adoh saka ledhok.”

Pak Prapto manggut-manggut karo nyekeli jangguté.

Sore hari Bapak dan Pak Prapto bercengkerama di teras rumahku.

“Sudah dua hari burung-burungku kelabakan,” kata Pak Prapto.

“Apa iya, Pak?”

“Iya, seperti tidak betah. Apa akan ada banjir, ya?”

“Meskipun belum banjir, kita harus tetap siaga,” jawab Bapak.

“Betul, Pak RT,” kata Pak Prapto.

“Oleh karena itu, besok akan saya bicarakan dalam rapat kampung cara siaga bencana.”

“Apa saja yang harus disiapkan?” Pak Prapto bertanya kepada Bapak.

“Mengemas barang-barang, menyiapkan tas darurat, dan cepat-cepat mengungsi jika diperlukan.”

“Mestinya mengungsi di tempat yang lebih tinggi, ya.”

“Benar, jauh dari cekungan.”

Pak Prapto mengangguk-angguk sambil memegang dagunya.

Dina Minggu ésuw warga RT 01 tekan RT 05 padha nglumpuk ing lapangan. Dhèwèké arep padha mèlu simulasi banjir. Ana kang ora gelem teka, klebu Mbah Gito. Dhèwèké ora percaya yèn bakal ana banjir.

“Kaliné wus daksajèni. Ora mungkin banjir.” Mbah Gito katon nesu nalika Bapak rawuh ing dalemé.

“Rumiyin naté banjir, ta, Mbah? Mila sapunika badhé simulasi yèn mangkih banjir malih.”

“Ora mungkin!”

Mbah Gito mrengut karo nutup lawang dalemé. Bapak lan Pak Prapto banjur mbacutaké lakuné menyang omah liyané.

Hari Minggu pagi warga RT 01 hingga RT 05 berkumpul di lapangan. Mereka akan mengikuti simulasi banjir. Ada yang tidak mau datang, termasuk Mbah Gito. Dia percaya tidak akan terjadi banjir.


“Sungai sudah saya beri sesajen. Tidak mungkin banjir.” Mbah Gito terlihat marah ketika Bapak datang ke rumahnya.

“Dahulu pernah banjir kan, Mbah? Jadi, sekarang akan diadakan simulasi jika nanti banjir lagi.”

“Tidak mungkin!”

Mbah Gito cemberut sambil menutup pintu rumah. Bapak dan Pak Prapto kemudian melanjutkan perjalanan ke rumah lainnya.





Ing simulasi kuwi, ana katrangan kanggo para warga kang kudu digatèkaké. Kapisan, para warga kudu mènèhi nomer tilpuné marang ketua RT-né dhéwé-dhéwé. Ketua RT dadi ngerti wargané ana ing ngendi nalika ana banjir. Tujuané supaya gampang diwènèhi bantuan yèn ana kang mbutuhaké.

Kapindho, warga dikandhani ngendi panggonan kang aman kanggo ngumpul utawa ngungsi. Papan kuwi ana ing lapangan bal-balan ing ndhuwur ledhok. Katelu, warga prelu nyepakaké tas dharurat kang isiné barang-barang kang wigati. Kapapat, warga kudu gagé-gagé metu saka omah yèn banjiré teka.

Kalima, para warga kudu ngati-ati yèn mlaku ing banyu. Warga bisa waé kesetrum kabel listrik kang nglèwèr utawa kejblos bolongan. Warga kudu nganggo sandhal utawa sepatu supaya ora ngidak paku utawa beling. Warga uga kudu waspada karo ula.

Dalam simulasi itu, ada penjelasan yang harus diperhatikan para warga. Pertama, para warga harus memberikan nomor telepon kepada ketua RT masing-masing. Ketua RT akan mengetahui keberadaan warganya jika ada banjir. Tujuannya untuk mempermudah memberi bantuan jika ada yang membutuhkan.

Kedua, warga diberi tahu tempat yang aman untuk berkumpul atau mengungsi. Tempat itu di lapangan sepak bola atau di atas cekungan. Ketiga, warga perlu menyiapkan tas darurat yang berisi barang-barang penting. Keempat, warga harus segera keluar rumah jika banjir datang.

Kelima, para warga harus berhati-hati jika berjalan di genangan air. Warga bisa saja terkena setrum kabel listrik yang terurai atau terperosok dalam kubangan. Warga harus menggunakan sandal atau sepatu agar tidak menginjak paku atau pecahan kaca. Warga juga harus waspada terhadap ular.



Nalika sirine muni, para warga nindakaké arahan mau. Simulasi kuwi kira-kira telung jam. Sawusé rampung, wong-wong padha mulih ing omahé dhéwé-dhéwé. Rasané kesel banget mèlu mlayu-mlayu.

Para warga uga diajari carané ngepak lan mbuntel barang-barang nganggo plastik. Warga uga diajari carané nggawe kothak kayu kanggo ngganjel barang-barang. Tekan omah, aku ngréwangi Bapak ngepak barang-barang nganggo plastik. Kang dipak yaiku kulkas, TV, lemari, méja, kursi, lan sapanunggalané.

Wong-wong kang duwé kéwan uga kudu mikiraké kéwané. Kéwané bakal didèlèh ngendi yèn ana banjir. Pak Prpto lan putrané, Mas Adit, uga wiwit ngepaki barang-barang. Pak Prpto nitipaké manuk-manuké ing omahé seduluré.

Ketika sirene berbunyi, para warga melaksanakan arahan tersebut. Simulasi berlangsung kurang lebih tiga jam. Setelah selesai, semua orang pulang ke rumah masing-masing. Rasanya letih sekali ikut berlari-lari.

Para warga juga dilatih cara mengemas dan membungkus barang-barang dengan plastik. Warga juga dilatih cara membuat kotak kayu untuk mengganjal barang-barang. Sampai rumah, aku membantu Bapak mengemas barang-barang dengan plastik. Yang dikemas, yaitu kulkas, TV, lemari, meja, kursi, dan sebagainya.

Orang-orang yang memiliki hewan ternak juga harus memikirkan hewan ternaknya. Hewan itu akan ditempatkan di mana jika terjadi banjir. Pak Prpto dan putranya, Mas Adit, juga mulai mengemas barang-barang. Pak Prpto menitipkan burung-burung peliharaanya di rumah saudaranya.



Kulawargaku lan kulawargané Pak Prapto nyepakaké tas darurat. Tas kuwi digawa yèn mengko kudu ngungsi. Saben wong nggawa tas siji. Aku nggawa tas ranselku.

Barang kang daklebokaké ing tasku, yaiku kemul, klambi kanggo salin, sepatu, lan sikat gigi. Uga sabun, sampo, andhuk, tisu, senter, radhio, baterai, obat, sendhok, lan garpu. Sempritan, korèk, masker, mantèl plastik, buku, bolpèn, kunci omah. Aku uga nggawa banyu putih, panganan kalèng, alat kang dienggo mbukak kalèng.

Layang-layang pentinggé kulawargaku dilebokaké tas Bapak. Bapak ora kesupèn ngasta HP lan *charger*-é. Ibu ngasta mie lan térmos. Aku nggawa dolanan monopoliku.

Keluargaku dan keluarga Pak Prapto menyiapkan tas darurat. Tas tersebut akan dibawa saat harus mengungsi. Setiap orang membawa satu tas. Aku membawa tas ranselku.

Barang yang kumasukkan dalam tasku, yaitu selimut, baju ganti, sepatu, dan sikat gigi. Juga sabun, sampo, handuk, tisu, senter, radio, baterai, obat, sendok, dan garpu. Peluit, korek, masker, mantel plastik, buku, bolpoin, kunci rumah. Aku juga membawa air putih, makanan kaleng, dan alat pembuka kaleng.

Surat-surat penting milik keluarga dimasukkan ke dalam tas Bapak. Bapak tidak lupa membawa ponsel dan cas. Ibu membawa mi dan termos. Aku membawa mainan monopoli.







Sésuké, aku teka ing omahé Mas Adit. Ing kono wus ana kanca-kancané Mas Adit. Wong-wong kuwi anggota Palang Merah Remaja (PMR) kang arep simulasi nulungi kurban banjir. Aku diajak Mas Adit mèlu ngréwangi.

Aku dikongkon ngétung lan nyathet obat, perban, lan alat-alat keséhatan. Simulasi kuwi kira-kira rong jam. Nalika mulih omah, aku weruh para rélawan liwat ngarep omahku. Wong-wong kuwi arep ndeleng kahanan Kali Codé.

Ana lapuran saka rélawan Kali Boyong yèn banyuné kali tambah dhuwur. Kuwi bisa diukur nganggo alat kang diarani *early warning system* (EWS). Aku lan Mas Adit mèlu nginguk Kali Codé. Banyuné pancèn tambah dhuwur, ora kaya biyasané.

Keesokan harinya, aku datang ke rumah Mas Adit. Di sana sudah ada teman-teman Mas Adit. Mereka anggota Palang Merah Remaja (PMR) yang akan memberikan simulasi menolong korban banjir. Aku diajak Mas Adit ikut membantu.

Saya disuruh menghitung dan mencatat obat, perban, dan alat-alat kesehatan. Simulasi berlangsung kurang lebih dua jam. Ketika pulang, aku melihat para relawan lewat depan rumahku. Mereka akan melihat keadaan Kali Code.

Ada laporan dari relawan Kali Boyong bahwa ketinggian air sungai bertambah. Ketinggian itu dapat diukur dengan alat yang disebut *early warning system* (EWS). Aku dan Mas Adit ikut menengok Kali Code. Ketinggian air memang bertambah, tidak seperti biasanya.

Telung dina sawusé kuwi, sirine muni jam setengah papat soré. Aku lan Ibu metu saka omah. Wong-wong padha bengok-bengok yèn kaliné tambah deres. Dhuwuré banyu uga wus sapèrès karo témbok watesé kali.

Wong-wong padha kemruyuk ndeleng kali. Aku karo Ibu banjur mlebu omah lan nyepakaké tas dharurat. Bapak ngajak para warga ngungsi. Kabaré banjiré bakal gedhé banget.

Aku ndeleng Mbah Gito udur-uduran karo tangga liyané. Dhèwèké ora gelem ngungsi, malah inguk-inguk ing kali. Aku karo Ibu mbiyantu tangga-tangga kang wus sepuh munggah undhak-undhakan. Para rélawan nggéndhong bocah-bocah cilik lan mbiyantu ibu-ibu kang lagi mbobot.

Tiga hari berikutnya, pada pukul setengah empat sore sirene berbunyi. Aku dan Ibu keluar rumah. Orang-orang berteriak saat melihat hujan bertambah deras. Ketinggian air juga sudah mencapai tinggi tembok batas sungai.

Orang-orang berkerumun melihat sungai. Aku bersama Ibu masuk ke rumah dan menyiapkan tas darurat. Bapak mengajak para warga mengungsi. Menurut kabar, banjir akan sangat besar.

Aku melihat Mbah Gito berselisih dengan tetangga lainnya. Dia tidak mau mengungsi, sebaliknya malah menengok sungai. Aku dan Ibu membantu tetangga yang sudah tua naik tangga. Para relawan menggendong anak-anak kecil dan membantu ibu-ibu hamil.





Tekan lapangan wus ana téndha-téndha kang diedegaké para rélawan. Aku lan para warga liyané padha nggolèk panggonan kanggo lungguh. Aku krungu swara banyu mili deres. Jaréné banyuné wus mbludag sak mèter luwih.

Wong-wong ora éntuk ndeleng banjir saka kreteg amarga wedi kretegé ambruk. Wong-wong padha golèk-golèkan amarga ana kang durung tekan panggonan ngungsi. Listrik dipatèni saka pusat supaya ora nyetrum. Nanging, ana listrik dharurat ing panggonan ngungsi.

“Isih ana kang ora gelem munggah, Bu,” ngendikané Bu Prapto.

“Trus kepriyé?” Ibu katon kuwatir.

“Iki bapaké bocah-bocah karo Pak RT lagi mrana.”

“Lho, Mbah Gito Kakung-Putri, kok durung kétok?” ngendikané ibu-ibu tanggaku wétan omah.

Sampai di lapangan telah banyak tenda yang didirikan para relawan. Aku dan para warga mencari tempat duduk. Aku mendengar suara air mengalir deras. Katanya air sudah meluap lebih dari satu meter.

Orang-orang tidak boleh melihat banjir dari jembatan karena dikhawatirkan jembatan roboh. Orang-orang saling mencari karena ada yang belum tiba di tempat pengungsian. Listrik dipadamkan dari pusat agar tidak menyetrum. Meskipun demikian, ada listrik darurat di pengungsian.

“Masih ada yang tidak mau mengungsi, Bu,” kata Bu Prapto.

“Lalu bagaimana?” Ibu terlihat khawatir.

“Ini bapaknya anak-anak dan Pak RT sedang ke sana.”

“Lo, Mbah Gito Kakung-Putri, kok belum kelihatan?” kata ibu-ibu sebelah timur rumahku.





Aku clingak-clinguk. Trus kepriyé nasibé Mbah Gito yèn banyuné samèter luwih? Apa ora kleleb utawa kèli? Mau lawang omahé kétéké ora ditutup.

Saka kadohan krungu swara wong nangis, kaya swarané Mbah Gito Putri. Aku cepet-cepet metu saka téndha. Dakdeleng wong-wong padha gemrudug ing pinggir lapangan. Padha ndeleng Mbah Gito Kakung lagi digotong para rélawan.

Mbah Gito Putri nangis ngguguk ing sandhingé mbah kakung. Awaké Mbah Gito Kakung kebak lendhut lan tlapak samparané metu getihé. Mbah Gito Kakung ngadhuh-adhuh karo nyekeli kémpolé. Jaréné sikilé kena beling.

Aku celingukan. Bagaimana nasib Mbah Gito jika tinggi air mencapai satu meter lebih? Apa tidak tenggelam? Tadi pintu rumahnya terlihat tidak ditutup.

Dari kejauhan terdengar suara orang menangis, seperti suara Mbah Gito Putri. Aku buru-buru keluar dari tenda. Kulihat orang-orang berbondong ke pinggir lapangan. Semua melihat Mbah Gito Kakung sedang digotong para relawan.

Mbah Gito Putri menangis tersedu di samping Mbah Gito Kakung. Tubuh Mbah Gito Kakung penuh dengan lumpur dan telapak kakinya keluar darah. Mbah Gito Kakung mengerang kesakitan sambil memegang betis. Katanya kakinya terkena pecahan beling.

Critané Mbah Gito Kakung, nalika ana wara-wara banjir, dhèwèké lagi ndeleng kali. Kaliné durung mbludag. Jebulé banjiré liwat kalèn, banjur mlebu njero dalemé Mbah Gito. Banyuné deres banget kaya banjir bandhang.

Mbah Gito Kakung wis ora duwé wektu kanggo mlayu. Awaké mèh kénfir, banjur cekelan cagak. Mbah Gito Putri bengok-bengok metu saka omah arep nulungi Mbah Gito Kakung. Nanging, banyuné wus kebacut munggah.

Mbah Gito Kakung ngupaya rambatan ing pinggiran omah. Nanging, sikilé malah ngidak beling. Begjané ana para rélawan kang nulungi. Mbah Gito Kakung-Putri bisa diunggahaké menyang ndhuwur ledhok.

Mbah Gito Kakung bercerita, saat ada pemberitahuan banjir, dia sedang melihat sungai. Sungai belum meluap. Ternyata banjir melalui aliran anak sungai, lalu masuk ke dalam rumah Mbah Gito. Air sangat deras seperti banjir bandang.

Mbah Gito Kakung sudah tidak punya waktu untuk lari. Tubuhnya hampir hanyut, lalu berpegang pada tiang. Mbah Gito Putri berteriak-teriak keluar rumah hendak menolong Mbah Gito Kakung. Namun, air sudah terlanjur naik.

Mbah Gito Kakung berupaya merambat melalui pinggiran rumah. Namun, kakinya malah menginjak beling. Untunglah ada para relawan yang menolong. Mbah Gito Kakung-Putri dinaikkan ke atas cekungan.







Mas Adit, kanca-kancané, lan para rélawan padha nulungi Mbah Gito Kakung. Samparané diresiki, banjur diperban. Bu Prapto ngasta klambi resik, lan aku nggawakaké wédang tèh anget. Ibuku ngrangkul Mbah Gito Putri.

Mbah Gito Kakung banjur digawa menyang rumah sakit cedhak kono. Mas Adit wedi yèn tatuné Mbah Gito Kakung infeksi. Pak Prapto lan Mbah Gito Putri ndhèrèk ngeteraké nganggo mobilé tangga ndhuwur ledhok. Wong-wong padha ngrasani Mbah Gito Kakung.

Para rélawan uga nggawa bakul bakso, yaiku Pak Bandi, menyang rumah sakit. Pak Bandi malah munggah gendhèng nalika banjir. Gendhèngé mlorot, banjur dhèwèké tiba, nibani gerobak baksoné. Saiki samparané sakit lan mustakané benjut.

Mas Adit, teman-temannya, dan para relawan menolong Mbah Gito Kakung. Kakinya dibersihkan, kemudian diperban. Bu Prapto membawakan baju bersih dan aku membawakan teh hangat. Ibuku merangkul Mbah Gito Putri.

Mbah Gito Kakung segera dibawa ke rumah sakit terdekat. Mas Adit khawatir jika luka Mbah Gito Kakung terkena infeksi. Pak Prapto dan Mbah Gito Putri ikut mengantar menggunakan mobil tetangga yang tinggal di atas cekungan. Orang-orang membicarakan Mbah Gito Kakung.

Para relawan juga membawa pedagang bakso, Pak Bandi, ke rumah sakit. Pak Bandi malah naik ke atas genting ketika banjir. Genting melorot, dia pun terjatuh dan menimpa gerobak bakso miliknya. Sekarang kakinya sakit dan kepalanya benjut.

Amarga banjir lan kudu ngungsi, aku éntuk idin ora mangkat sekolah. Guru lan kanca-kancaku sakelas niliki aku. Aku digawakaké panganan akèh, ana kancaku kang mènèhi buku crita. Bapak Kepala Sekolah uga rawuh amarga arep ngendikan karo Bapak.

Para warga éntuk bantuan saka pamaréntah kota lan para rélawan. Ana banyu kanggo ngombé, mi instan, beras, endhog, lan liya-liyané. Pak polisi uga njaga dalan lan jembatan. Kreteg-kreteg sing diliwati Kali Codé padha ditutup.

Turu ing panggonan ngungsi ora kepénak. Remeng-remeng amarga lampuné ora padhang lan akèh lemuté. Aku lan kanca-kancaku dolanan monopoli supaya ora bosen. Bapak, Ibu, lan tangga-tanggaku padha rempon.

Akibat banjir dan harus mengungsi, aku mendapat izin untuk tidak masuk sekolah. Guru dan teman-teman sekelas menengokku. Aku dibawakan banyak makanan, ada teman yang memberiku buku cerita. Bapak Kepala Sekolah juga datang karena hendak berbincang-bicang dengan Bapak.

Para warga mendapat bantuan dari pemerintah kota dan para relawan. Ada air minum, mi instan, beras, telur, dan sebagainya. Pak polisi juga ikut menjaga jalan dan jembatan. Jembatan yang dilewati aliran Kali Code ditutup.

Tidur di tempat pengungsian sungguh tidak nyaman. Remang-remang karena lampu tidak bersinar terang dan banyak nyamuk. Aku dan teman-teman bermain monopoli agar tidak bosan. Bapak, Ibu, dan tetangga-tetanggaku sudah tua.

Rong dina sawusé banjir, banyuné asat. Para warga wus bisa mulih ing omahé dhéwé-dhéwé. Nanging, kabèh panggonan reged kabèh, kebak lendhut, wedhi, lan krikil.

Para warga kudu kerja bakti ngresiki kampung. Rélawan kang ngréwangi saya akèh amarga gawéyané abot banget. Lendhut kang kèri ing njero omah lan ing dalan dadi atos. Kudu dipaculi.

Kaliné dadi resik lan ora ana uwuh. Banyuné bening lan mambu lirang. Ana wong-wong kang kungkum ing kali amarga banyuné anget. Sanadyan wis ora banjir, kabèh kudu tetep waspada yèn banjiré teka manèh.

Dua hari setelah banjir, air mulai asat. Para warga sudah dapat pulang kembali ke rumah masing-masing. Namun, semua tempat menjadi kotor, penuh dengan lumpur, pasir, dan kerikil.

Para warga harus kerja bakti membersihkan kampung. Relawan yang membantu semakin banyak karena pekerjaan sangat berat. Lumpur yang tertinggal di dalam rumah dan di jalan menjadi keras. Harus dikeduk dengan cangkul.


Sungai pun menjadi bersih dan tidak ada sampah. Airnya bening dengan bau khas belerang. Banyak orang berendam di sungai karena airnya hangat. Meskipun sudah tidak banjir, semua harus tetap waspada jika banjir datang lagi.

# Biodata



## Penulis

**Gayatri Jaya Wardani, S.S.** menempuh pendidikan di jurusan Sastra Indonesia, Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada, Yogyakarta. Dia sudah memenangkan beberapa lomba menulis esai, cerpen, dan cerita anak. Dua novelnya sudah diterbitkan, yaitu *Rendez-vous di Angkringan Paijan* (2022) dan *Skenario yang Sempurna* (2023). Satu buku cerita anak dwibahasa (Jawa-Indonesia) juga sudah diterbitkan oleh Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia pada tahun 2023 dengan judul *Mlaku-Mlaku menyang Godéan (Jalan-Jalan ke Godean)*. Gayatri dapat dihubungi melalui Instagram @gayatriwardani dan @kimberly.harjawinata atau posel gayatri.jaya325@gmail.com.



## Penerjemah


**Rita Nuryanti** menulis cerkak, cerpen, geguritan, esai, artikel, reportase, di media berbahasa Jawa (terutama), ada pula yang berbahasa Indonesia. Pengalaman lainnya adalah menulis sandiwara radio berbahasa Jawa, buku pendamping materi bahasa Jawa SMP, editor, narasumber pelatihan menulis, membaca geguritan, dan cerkak, juri membaca cerkak dan geguritan. Puluhan antologi bersama telah diterbitkan, ada juga karya perorangan dan novel terjemahan.



## Ilustrator

**Septama** adalah ilustrator kelahiran Yogyakarta yang suka menggambar sejak SD. Ia belajar menggambar dan mendesain pada Program Studi D-2 Desain Komunikasi Visual, PPKP UNY. Sebelum bekerja di Penerbit Buku Forum Edukasi, ilustrator yang memiliki nama alias Sibhe ini, pernah bekerja di penerbit buku PT Intan Pariwara dan PT CAP. Ilustrator juga aktif di media sosial Instagram @bherocknrollan dan TikTok @kakcoratcoret.





## Penyunting Bahasa Jawa

**Galang Prastowo** yang kini mengajar di salah satu universitas di Yogyakarta dulunya merupakan guru SD. Sejak menjadi guru SD inilah ia menyukai sastra anak hingga kini.



## Penyunting Bahasa Indonesia

**Tarti Khusnul Khotimah**, lahir dan tinggal di Sleman, DIY. Sejak tahun 2005 hingga sekarang bekerja di Balai Bahasa Provinsi DIY. Kompetensi dasar bidang kebahasaan dan kesastraan ditempa di Fakultas Ilmu Budaya, UGM (S-1) dan Fakultas Bahasa, Seni, dan Budaya, UNY (S-2). Aktivitas yang dikerjakannya, antara lain, menyuluh dan menyunting esai, artikel, dan cerita anak. Beberapa karya cerita anak terpublikasi di media massa. Korespondensi dapat dilakukan melalui posel [tarti.khusnul.k@gmail.com](mailto:tarti.khusnul.k@gmail.com).





# Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<https://penerjemahan.kemdikbud.go.id>







MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Ana wara-wara yèn ora suwé manèh ana banjir lendhut saka Gunung Merapi. Apa sing kudu ditindakaké para warga sing manggon ing pinggiré Kali Codé? Ayo, digatékaké critané Gilang lan kulawargané nalika ana banjir lendhut Gunung Merapi!

Ada pemberitahuan tidak lama lagi akan ada banjir lumpur dari Gunung Merapi. Apa yang harus dilakukan oleh para warga yang bertempat tinggal di bantaran Kali Code? Mari, kita simak cerita Gilang dan keluarganya saat banjir lumpur Gunung Merapi!

ISBN 978-623-504-675-4 (PDF)



Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah  
Republik Indonesia  
2024